



**PENILAIAN AKHIR TAHUN
MADRASAH PESANTREN SABILIL MUTTAQIN NGLENCONG
TAHUN PELAJARAN 2020/2021**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Hari / Tanggal :
Kelas : V	Waktu :

I. Pilihlah salah satu jawaban yang paling benar !

Wacan kanggo mangsuli pitakonan nomer 1-3 !


Sawah ing desaku isih jembar bawera. Galengan kang matesi kedhokan siji lan kedhokan liyane kaya klogete ula naga. Sesawangane nyata katon endah sinawang mata. Tandurane ijo royo-royo. Kali-kali banyune isih megung tur bening. Kemricike banyu kang mili nyandhung krikil-krikil cilik. Swarane keprungu kaya iringan musik. Saben dina para tani ngrasa ayem. Ngirit kebo lan sapine seperlu nggaru lan mluku.

- Pratelane teks kasebut kalebu jenis teks
 - Narasi
 - Deskripsi
 - Persuasi
 - Eksposisi
- Wacan kasebut nggambarake kahanan
 - Sawah
 - Galengan
 - kali
 - Tanduran
- 'Kemricike banyu kang mili nyandhung krikil-krikil cilik. Swarane keprungu kaya iringan musik.'
Pratelane kasebut migunakake panggambaran lumantar pancaindra
 - Mripat
 - kuping
 - Irung
 - Kulit
- Titikane teks dheskripsi ing antarane
 - Njlentrehke samubarang kanthi ilmiah
 - Isine gawe utawa carane nganggo barang
 - Kadadeane nganggo urutan wektu
 - Nggambarake kadadean kanthi cetha
- Srengenge durung katon jedol, nanging ... ing sisih wetan wus katon mbranang.
 - Semburat abang
 - Arum
 - Gemricik
 - Duwur
- Saben preinan akeh wisatawan kang padha plesiran. Tembung *plesiran* tegese
 - Sekolah
 - Liburan
 - Dolan
 - Rekreasi
- Tandurane para tani maneka werna kayata, pari, jagung, lan palawija. Sisih tengene kali dalan kang nyambung dhusunku lan desa liyane. Kahanan ing kono saben dinane katon endah lan tentrem. Tanduran kang *ora* ana ing pratelan teks dheskripsi ing dhuwur, yaiku

- a. Pari b. Jagung c. Apel d. Palawija
8. Wijaya Putra iku irunge
- a. Ngandan-andan c. Gagah pideksa
b. Pesek d. Lantip
9. Tuladha ing ngisor iki kalebu pepindhan, yaiku
- a. Kembang pakis uripe ing cedhak wit luntas, wis lumrahe sing wasis pinilih ketua kelas.
b. Wijaya Putra besuk bisa mimpin kelas.
c. Mripate blalak-blalak, alise nanggal sepisan.
d. Anggone tandang gawe cukat trengginas kaya sikatan nyamber walang.
10. Yati kae bathuke ... nanging tetep katon manis.
- a. Pesek b. Nyoro c. Manyul d. Dhingklang
11. Cipir mrambat kawat
- Jangkepane isi parikan ing dhuwur, yaiku
- a. Ora mampir angger liwat c. Aku seneng mangan cipir
b. Ora ngapa sing penting banter d. Manggis karenget
12. Carane gunakake piranti pegelaran wayang kaya gambar ing ngisor iki, yaiku



- a. Diidak c. Dithuthukake
b. Dipetik d. Digeser
13. Carane nabuh gamelan kaya gambar ing ngisor iki, yaiku



- a. Ditabok b. Dipetik c. Dithuthuk d. Digeser

Wacan kanggo mangsuli pitakonan nomer 14-18 !

Satriya Pandhawa iku kabeh ana lima. Sing mbarep ingaran Yudhistira utawa Puntadewa. Banjur Werkudara, Arjuna, Nakula lan Sadewa. Yen dietung saka urutan umur, Arjuna sinebut satriya “Panengah Pandhawa”. Diarani Pandhawa saka tembung Pandhu lan hawa kang tegese anak. Dadi cethane, Pandhawa iku tegese anak Pandhu.

Ing Pawayangan, Arjuna kondhang baguse. Kajaba kuwi Arjuna uga kondhang kasektene. Mula, ora nggumunake yen Arjuna tansah menang ing palagan. Gamane ing antarane Panah Pasopati, Ardhadadali, lan Sarotama. Aji-ajiane Arjuna ing antarane Palimunan, Tunggengmaya, lan Sapiangin. Aji Palimunan iku njalari Arjuna bisa ngilang. Aji Tunggengmaya njalari Arjuna bisa mlaku tanpa napak lemah ning banter kaya angin.

Dasanamane Arjuna yaiku Janaka, Permadi, Parta. Arjuna duweni watak setya lan bekti mring sedulur. Bebudene alus, yen ngendika swarane uga alur. Mangkono uga tindak tanduke, kabeh sarwa alus.

14. Wacan kasebut nyritakake tokoh wayang

- a. Werkudara b. Janaka c. Nakula d. Sadewa

15. Pandhawa asale saka tembung lan hawa.

- a. Pandha b. Pandhu c. Pandhi d. Pandhe

16. Raden Arjuna iku ingaran

- a. Pembarebe Pandhawa c. Panengahe Pandhawa
b. Panenggake Pandhawa d. Ragile Pandhawa

17. Ing ngisor iki kalebu gamane Raden Janaka, **kajaba**

- a. Panah Pasopati c. Sarotama
b. Ardhadeli d. Gada Rujakpolo

18. Ajian kang marakne Raden Arjuna bisa ngilang yaiku

- a. Palimunan c. Sepiangin
b. Tunggengmaya d. Rawarontek

19. Piranti kang dinggo ngiringi pagelaran wayang diarani

- a. Blencong c. Gedebog
b. Keprak d. Gamelan

20. Deretan wayang kang ditata ana ing tenengn lan kiwane kelir diarani

- a. Simpingan c. Keprak
b. Cempala d. Kotak wayang

21. Salah sawijine gamane Werkudara iku awujud kuku kang diarani Kuku

- a. Condrakirana c. Minangkara
b. Pancanaka d. Tunggul Maniking Toya

22. Ing ngisor iki kalebu Punakawan, **kajaba**

- a. Gareng b. Petruk c. Semar d. Durna

23. Paribasan adigang, adigung, adiguna tegese

- a. Ngendelake kasugihane
b. Ngendelake kekuwatane, kaluhurane, lan kapinterane
c. Becik lan ala bakal ketara ing tembe burine
d. Wong asor nanging sugih kapinteran

24. Aksara Caraka kang pasangane manggon jejer ora neng ngisor aksarane, **kajaba**

- a. Sa b. Nga c. Pa d. Ha

25. Pasangan kang wujud padha persis karo aksara carakane, yaiku

- a. Ra b. Ta c. Ma d. Ba